



miamidade.gov

Elections
2700 NW 87th Avenue
Miami, Florida 33172
T 305-499-8683 F 305-499-8547
TTY: 305-499-8480

PWOSEDI KONTE MIAMI-DADE POU ÒGANIZASYON TYÈS PATI KI ANREJISTRE

Lwa Florid 97.0575, Règleman 1S-2.042 F.A.C.
(Rev. 1^{re} jiyè 2023 aköz SB 7050)

Chè Òganizasyon Tyès Pati ki anrejistre:

Kòm yon Òganizasyon Tyès Pati Enskripsyon Votè ki Anrejistre (3PVRO) ke Divizyon Eleksyon nan Florid apwouve, ki ap fonksyone nan Konte Miami-Dade, tanpri suiv pwosedi yo dekri nan *F.S. 97.05 75* ak *Règleman 1S-2.042* yo nan fason ki pi efikas ke posib.

Kòm ou ka konnen, pou moun konfòme yo avèk règleman sa yo, tout aplikasyon enskripsyon votè ke biwo nou bay kèlkeswa 3PVRO oswa ke biwo nou resevwa nan men kèlkeswa 3PVRO dwe gen ladan nimewo idantifikasyon òganizasyon tyès pati anrejistreman votè anba sou chak aplikasyon enskripsyon votè yon fason ki pa bouche okenn lòt enfòmasyon. Anplis idantifyan 3PVRO a, tout aplikasyon biwo nou an resevwa dwe genyen inisyèl ajan 3PVRO yo anba sou chak aplikasyon yon fason ki pa bouche okenn lòt enfòmasyon. Amwens ke aplikan an te deja date fòm aplikasyon an, ajan 3PVRO a dwe anrejistre dat 3PVRO te kolekte aplikasyon an nan yon espas ki byen klè sou pati anba sou aplikasyon enskripsyon votè a yon fason ki pa bouche okenn lòt enfòmasyon. Ajan 3PVRO a pa dwe itilize espas dat aplikan yo. Dat ajan an oswa òganizasyon an enprime a va nan fòm ki annapre a: MM/JJ/AA.

3PVRO ka fè livrezon aplikasyon an pèsòn oswa pa lapòs. **Tout aplikasyon 3PVRO kolekte dwe livre nan biwo nou oswa yo dwe gen yon so lapòs 10 jou apre koleksyon (wikenn ladan tou).** Si 10yèm jou a tonbe nan yon wikenn, jou ferye, oswa yon lòt jou kote biwo nou fèmen, aplikasyon an (yo) dwe livre nan biwo nou oswa yo dwe gen yon so lapòs pou jou ouvrab ki vin apre a. Si, sepandan, gen yon dat limit pou fèmti dosye pou nenpòt eleksyon pou pòs elektif federal oswa Eta ki tonbe nan peryòd 10 jou ki dekri pi wo a, tout aplikasyon 3PVRO kolekte anvan fèmti dosye a dwe livre nan biwo nou nan dat limit pou fèmen dosye a oswa anvan. 3PVRO a dwe bay yon lèt kouvèti ki endike kèlkeswa aplikasyon ke yo kwè ki te ranpli oswa kolekte nan fwod.

Biwo nou an resevwa anpil demann pou aplikasyon enskripsyon votè. Pou nou pi byen sèvi ou ak akselere pwosesis la, nou ta renmen genyen aplikasyon yo ki tou enprime avèk nimewo idantifikasyon òganizasyon w lan. Pou sa, nou bezwen koperasyon w epi nou mande w pou ou suiv pwosedi annapre yo:

1. Kontakte biwo nou pa imel nan 3PVRO@miamidade.gov pou pi piti **senk jou ouvrab anvan dat evènman an.**
2. Idantifye nimewo idantite 3PVRO òganizasyon w lan, ansanm avèk kantite ak tip aplikasyon ki nesèsè yo (angle, panyòl, oswa kreyòl).
3. Si nenpòt demann depase 9,999 aplikasyon enskripsyon votè, 3PVRO a dwe mande aplikasyon yo atravè Divizyon Eleksyon Florid la.

Lè w plase kòmman pou aplikasyon enskripsyon votè alavans lè sa posib, sa ba nou ase tan pou nou sèten ke aplikasyon pou òganizasyon w lan pare alè. Mèsi pou konsiderasyon ou, e mwen swete tout pi bon bagay yo pou ou nan aktivite ou yo ki gen anpil valè.

Sensèman,

Christina White

Christina White
Sipèvizè Eleksyon